

# Mizajou sou Pwojè Columbia Point Lekòl BCLA/McCormack

*Dat : 9 fevriye, 2023*


# Pwennvi Panelis yo ak Patisipan yo

## Paramèt yo - Avan Webinè a

Pou asire meyè eksperyans posib, tanpri [mete Zoom ou an ajou konfòm a dènye vèzyon disponib la, nan lyen sa a.](#)

## Pandan Webinè a

Chèche ti imaj entèpretasyon an (ti glòb la) nan pati nba ekran w lan, epi chwazi lang ou vle tande a.



# Pwogram Reyinyon an

- ❑ Lidè Lekòl la ap akeyi patisipan yo
- ❑ Yon Mizajou sou Faz 1
- ❑ Yon Mizajou sou Ane Skolè 2023-2024
- ❑ REPT (Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la) : Kòmantè Kominote a
- ❑ Pwochè Etap Yo



# Ondrea Johnston, Direktris lekòl BCLA-McCormack

## ➤ Afè Akademik :

- Pwogram atizay yo te etann pou bay elèv yo divès opòtinite pou yo enskri nan Atizay, Mizik, Teyat, ak Bann (Òkès).
- Nou te elaji klib ak pwogram estraskolè nou yo pou yo enkli Anime, « Maker's Science », Deba, Atizay, Jwèt Sosyete, Dram (Teyat), ak rekonsepsyon pwogram vokasyon pwofesyonèl ak pwogram konpetans lavi nou yo pou elèv sila yo ki nan pwogram ABA la (gade bilten nouvèl yo pou w wè kèk foto).

## ➤ Patenarya :

- An patenarya avèk inivèsite UMass Boston, nou te lanse Pwogram Inivèsite/Kolèj Bonè a pou 25 elèv ki te enskri nan klas 10yèm ane, pou yo te kòmanse resevwa kredi inivèsitè/kolèj.
- Nou te kontinye divès patenarya avèk « Tenacity », « 3-Point Foundation », ak « Trinity », ak lòt patenarya kominotè pou soutni misyon nou pou n founi divès sèvis ak sipò akademik e sosyal emosyonèl bay tout elèv.



# Faz 1

Nou te konplete travay ki te dwe fèt pou inifikasyon lokal la

- ✓ Nou te konplete deplasman pwofesè ak administratè klas 10yèm ane yo.
- ✓ Nou te siyen yon Momorandòm avèk klib « Boys and Girls Club » la nan Dorchester, kote ke elèv BCLA/McCormack yo ap
  - ❑ Gen aksè konplè a divès enstalasyon spòtif ak enstalasyon sal de klas avan e aprè orè lekòl la, nan pavilyon Richard Martin Field House la.
  - ❑ Elèv yo ap resevwa yon apatenans gratis pou jwenn aksè nan pwogram, oswa sèvis, ki fonksyone aprè orè lekòl la
- ✓ Nou te ajoute divès laboratwa syans ak yon chanm pou aprann konpetans nesèsè pou lavi a .
- ✓ Nou te founi transpòtasyon pou pwogram ete pou elèv Dorchester yo pou y al nan lokal (campus) Hyde Park la.





# Preyokipasyon yo pou inifikasyon konplè lokal la

Preyokipasyon pou ane skolè 2023-2024 : Nou bezwen 10 espas administratif pou akeyi klas 11yèm ane a

Preyokipasyon pou ane skolè 2024-2025 : Nou bezwen 3 espas administratif pou akeyi klas 12yèm ane a

**Pwosesis** : Manm pèsònèl sila yo k ap travay nan Enstalasyon ak Planifikasyon Kapital la te konplete yon analiz sou lokal la avèk Direktris Lekòl la jou 19 desanm, 2022, e yo te idantifye divès solisyon potansyèl ak divès efikasite nan orè yo.

Divès Konsiderasyon Sipleman tè :

- Ete 2023 : Renovasyon lokal la ka enpakte fason lekòl ete a te enpleman tè nan lokal (campus) Dorchester a. Nou ka bezwen itilize lokal Hyde Park la e founi transpòtasyon, jan sa te fèt ane pase.
- Edikasyon Espesyal : Konsolidasyon divizyon ABA la (Analiz Konpòtman Aplike) nan lokal Dorchester a pou ane skolè 2023-2024 ap mande pou n gen espas sal de klas anplis, dekwa pou rann li pi reyalisab pou n kenbe elèv klas 12yèm ane yo, e odela, nan lokal Hyde Park la.
- Espas pou pwofesè yo/patnè kominotè yo : Evalyasyon espas yo te teni kont bezwen patnè kominotè yo ak divès bezwen paran yo/elèv yo parapò a vi prive yo.




# Preparasyon pou Ane Skolè 2023-2024

## Rekòmandasyon pou Ane Skolè 2023-2024 :

- Enstale uit espas travay modilè nan chanm « Core 9 » la pou **uit** espas administratif
- Divize « Core 10 » an de (2) pou kreye plis espas pou sal de klas, ke n ap pran nan « Core 9 »
- Divize chanm B1 e B2 an kat espas pou konsèy avèk yon sal datant. (Sa ap ban nou **de (2)** lòt espas ankò, pa kat, etandone ke B1 ak B2 deja nan espas aktyèl la.
- Rezilta yo : 10 espas biwo ka rantre nan espas aktyèl la
- Enstalasyon yo ap kreye konsèp entèn la e fòmile yon òf pou etabli yon kontra pou pwojè ete a, e reyalize l rive out 2023.

## Planifikasyon Alontèm :





- N ap pèfòme plis analiz sou espas yo pou detèmine lòt modifikasyon ak renovasyon pou ane skolè 2024-2025 lan, pandanke n ap kontinye devlope divès opsyon alontèm pou travay Faz 2 a.



# Ane Skolè 2023-2024 : Divès Rekòmandasyon


Avan

Aprè



- Travay pou n etabli kòm priyorite separasyon « Core 10 » la an 2 sal de klas pou ane skolè 2023/2024 la
- « Core 9 » ak chanm B1 + B2 pou n konvèti yo an 12 biwo/espas konsèy
- Elèv k ap rantre nan klas 11yèm ane dwe rete nan lokal McCormack la
- Elèv k ap rantre nan klas 12yèm ane dwe rete nan lokal Hyde Park la e diplome kòm dènye kowòt (dènye pwomosyon) lekòl orijinèl la.
- Founi sipò sosyal/emasyonèl pou pwomosyon k ap diplome nan ane skolè 2024 la.

## BPS RACIAL EQUITY PLANNING TOOL COMPONENTS



- Nan moman sa a n ap fè yon ale-vini ant enplemantasyon ak kominikasyon pou n asire nou rann kont pou travay la.
- Nou te arive prezante yon plan modifiye ki diferan parapò a vizyon orijinèl la akòz divès fòs ki odela de kontwòl nou, divès chanjman nan lidèchip ak enpak sa fè sou prioritizasyon pwojè a, enpak alontèm pandemi COVID la ak delè nan chèn lojistik la.
- Lekòl Piblik Boston toujou rete detèmine pou l soutni lidè lekòl la nan enplemantasyon vizyon edikasyonèl la ak founisman resous apwopriye yo pou atenn objektif akoutèm sa yo.

# Kòmantè Kominote a

Tanpri leve men w



Ekri nan espas tchat la

## Konpòtman

- Fò w Prezan
- Fò w Respekte moun
- Fò w Ouvè
- Fò w Konsyan
- Fò w Bay Atansyon w
- Fò w Byenveyan

# Pwochè Etap Yo



- ❑ Finalize desizyon pou entegre kòmantè pati enterese yo
- ❑ Kòmanse pwosesis kontra a pou travay renovasyon apwouve yo
- ❑ Bay pwofesè sila yo k ap fè tranzisyon pou ane skolè 2023-2024 la sipò
- ❑ Pou w rete konekte avèk lekòl BCLA/McCormack, abòne a bilten nouvel lekòl yo :
  - ❑ [Oktòb](#), [Novanm](#), ak [Desanm](#)

# Paviyon « Richard Martin Field House » la

**Benefis Elèv lekòl BCLA/McCormack yo :**



Apatenans gratis pou tout elèv, ki enkli elèv Miltileng (elèv ki pale plizyè lang)/elèv ki gen bezwen espesyal ki ka depase laj 18 an.



Aksè a divès enstalasyon pou fè pratik lematen



Aksè a divès aktivite spòtif, espas sal de klas pandan jounen skolè a



Divès opòtinite pou elèv BCLA/McCormack yo gen aksè nan divès pwogram devlopman lidèchip



Klib Boys and Girls Club Dorchester a pran angajman pou l

- Fè fòmasyon kolaboratif manm pèsone avèk pwofesè lekòl BCLA/McCormack yo pou reponn a bezwen lengwistik e akademik popilasyon etidyan divèsifye sa a
- Pou l reyini regilyèman avèk lidèchip lekòl la pou yo suiv enplemantasyon patenarya sa a